



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA YO AN BLE AK JÒN POU MAKE PREMYE ANIVÈSÈ ENVAZYON LARISI A NAN IKRÈN

13 moniman nan Eta a pral limen nan vandredi 24 fevriye nan aswè

Li mande pou drapo Ikrenyen an flote sou Batiman Kapitòl Eta New York la

Gouvènè a reyafime sipò Eta New York pou pèp Ikrenyen an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo pral limen an ble ak jòn nan vandredi 24 fevriye, pou make premye anivèsè envazyon Larisi a nan Ikrèn. Gouvènè a te bay lòd tou pou drapo Ikrenyen an Flote sou batiman Kapitòl Eta New York la an solidarite ak pèp Ikrèn lan.

"Eta New York kanpe ak Ikrèn epi li fyè dèske li genyen pi gwo kominote Ikrenyen nan Etazini", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap priye pou viktim lagè enjis sa a, epi demen nou pral flote drapo Ikrenyen an epi limen moniman Eta a yo pou montre sipò New York pou Ikrèn nan premye anivèsè envazyon Larisi a."

Moniman yo pral limen pou make premye anivèsè envazyon Larisi a nan Ikrèn enkli:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Nan debi mwa mas 2022 a, Gouvènè Hochul [te anonse mezi](#) pou ranfòse Aplikasyon sankson Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) kont Larisi, ki enkli acha akselere teknoloji analitik blockchain siplemantè. Ane pase a, Gouvènè a [te lanse yon sitwèb](#) tou ki gen resous pou Ikrenyen ak fason Nouyòkè yo ka ede.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan aksyon ajans Eta yo te pran pou kanpe an solidarite ak pèp Ikrèn lan anba a:

Biwo Nouvo Ameriken (Office of New Americans, ONA) an

- **ONA konekte imigran Ikrenyen yo ak chemen pwofesyonèl pou fòmasyon travay ak opòtinite travay atravè Pwogram Pakou Pwofesyonèl la:**

Pwogram Pakou Pwofesyonèl ONA a bay imigran ki gen anpil konpetans yo fòmasyon pwofesyonèl ak fòmasyon pou travay pou ede nouvo Ameriken yo jwenn travay ki koresponn ak konpetans yo ak eksperyans yo. Dapre Upwardly Global, ki se ajans prensipal pwogram Pakou Pwofesyonèl ONA pou imigran ki gen anpil konpetans, uit moun k ap chèche travay nan Ikrèn te enskri nan pwogram pilòt sa a an 2022 epi yo te resevwa fòmasyon pwofesyonèl ak fòmasyon pou travay. Twa nan patisipan yo kounye a se ansyen etidyan pwogram nan epi yo te jwenn travay nan domèn pa yo --de nan moun k ap chèche travay sa yo te jwenn travay nan domèn HR (youn kòm yon Rekritè, ak yon lòt kòm yon Asistan HR) ak twazyèm lan nan domèn legal kòm yon Asistan Legal Bileng. -Semèn pase a, Gouvènè Hochul te anonse elajisman Pwogram Pakou Pwofesyonèl la pou bay yon total 4.38 milyon dola nan sibvansyon eta finanse bay founisè kominotè yo pandan twazan.

- **Liy Dirèk ONA a te ede plizyè santèn ak kesyon sou zafè ki gen rapò ak imigrasyon ki gen rapò ak Ikrèn:**

- Kantite apèl yo resevwa nan liy dirèk ONA a pou demann ki gen rapò ak Ikrèn: 602
-Kantite referans sèvis ki gen rapò ak imigrasyon yo te fè (nòt: plizyèreferans ka soti nan yon sèl apèl): 767
-Kantite moun yo bay enfòmasyon: 239

Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA)

- An novanm, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te bay plis pase 21.4 milyon dola pou ede Ikrenyen ki te kouri kite peyi yo akòz envazyon militè Larisi a pou yo vin viv tanporèman nan Eta New York. 17 founisè sèvis refijye atravè eta a pral itilize finansman an pou ede Ikrenyen ki deplase yo k ap viv kounye a nan New York. Apeprè 75,000 moun te vini Etazini soti an Ikrèn depi lè Larisi te lanse atak yo a,

ki gen ladan apeprè 14,000 nan New York, atravè pwogram Ini pou Ikrèn (Uniting for Ukraine) gouvènman federal la.

- 28,000 rezidan New York, plis pase nenpòt lòt eta, te volontèman patwone yon moun.

Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS):

Pou pwoteje sekirite nasyonal Etazini ak konsomatè yo, DFS te deja bay konsèy nan espas 24 èdtan apre envazyon Larisi a nan Ikrèn, ki reyitere ke antite reglemante yo dwe konplètman konfòme yo ak sanksyon Etazini yo kont Larisi a, ansanm ak lwa ak règleman Eta New York ak federal yo, ki gen ladan sibèsekirite Depatman ak règleman sou lajan vityèl yo. DFS te pran mezi tou pou ranfòse aplikasyon sanksyon Depatman kont Lawisi, ki enkli acha akselere teknoloji analitik blockchain siplemantè. Zouti sa yo ap ranfòse kapasite DFS pou detekte ekspozisyon pami biznis monè vityèl ki gen lisans DFS yo bay moun, bank, ak lòt antite peyi Larisi, ke Administrasyon Biden lan te sanksyone.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418